# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 9-февральдағы 28-санлы буйрығының орынланыўы ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 30-декабрьдеги "Өзбекстан Республикасының "2021-жыл ушын Мәмлекетлик бюджети ҳаққында"ғы ПҚ-4938-санлы қарарында белгиленген ўазыйпалардың ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 9-февральдағы 28-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 9-февральдағы "Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 30-декабрьдеги "Өзбекстан Республикасының "2021-жыл ушын Мәмлекетлик бюджети ҳаққында"ғы ПҚ-4938-санлы қарарында белгиленген ўазыйпаларды орынлаў ҳаққында"ғы 28-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

нәтийжелилик индикаторларының орынланыў мүддети ҳәм де жуўапкер болған бөлим баслықлары дизими 1-қосымшаға;

мақсетли көрсеткишлери 2-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын кабыл етилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў тараўында усы нәтийжелилик индикаторларының орынланыў мүддети ҳәмде оған жуўапкер болған бөлим баслықлары дизими 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Министрликтиң бөлим баслықлары ҳәмде жуўапкер хызметкерлерге төмендеги ўазыйпалар жүклетилсин:

- нәтийжелилик индикаторларының орынланыўы бойынша район (қала) (улыўма орта билим бериў мектеплери) кесиминде турақлы мониторинг жүргизиў;

-нәтийжелилик индикаторлары бойынша ҳәр айда ис-илажлар дәстүрлериниң өз ўақтында орынланыўын тәмийинлеў, белгиленген есабатларды қәлиплестириў ҳәм жаңа идеялар ҳаққындағы усынысларды Республикалық оқыў методикалық орайы (Қ.Жубанов)на жеткерип бериў.

5. Республикалық оқыў-методикалық Орайы (Қ.Жубанов)на усынылған нәтийжелилик индикаторларының ҳәр айда орынланыўы бойынша

мағлыўматларды улыўмаластырған халда Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Стратегик анализ, прогрессив педагогикалық технологиялар ҳәм билимлендириў тараўында жаңа басламаларды енгизиў басқармасына тапсырып барыў жүклетилсин.

6. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары 2-қосымшаға муўапық белгиленген нәтийжелилик индикаторларына ерисиў бойынша жеке жуўапкершилик жүклетилсин ҳәмде ҳәр ай жуўмағы бойынша бағдарлар кесиминде министрликке мағлыўмат берип барсын.

7. Атқарыўшылық тәртиби ҳәм мүражатлар менен ислесиў бөлими (Қ.Бекбаулиев) бир күн мүддетте усы буйрықты министрликтиң барлық бөлимлери, барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери, республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелерине жеткерип бериў ўазыйпасы жүклетилсин.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өзиме қалдыраман.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «19» Февраль
№ 45

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 19-февральдағы 45-санлы буйрығына 1-қосымша

**2021-жыл ушын Мәмлекетлик дәстүрлер ҳәм бюджет қәрежетлериниң**
**МАҚСЕТЛИ ИНДИКАТОРЛАРЫ**

| қ/с | Мәмлекетлик дәстүр ҳәм индикаторлар атамасы | Өлшем бирлиги | 2021-жылда ерисилиўи режелестирилген мақсетли көрсеткиш | Индикаторларға ерисиў ушын министрликтен бекитилген жуўапкерлер |
|---|---|---|---|---|
| **1** | **Халық билимлендириў тараўында оқытыў нәтийжелилигин арттырыў ҳәм кадрлардың сыпат дәрежесин жақсылаў ҳәм раўажландырыў дәстүри** | | | |
| | Инглис тилин билиў Европа Аўқамы талаплары C1-CEFR дәрежесине муўапық билимге ийе болған инглис тили муғаллимлериниң үлеси | *Пайызда (жәми инглис тили пәни муғаллимлери санына салыстырғанда)* | 11,2 | Республикалық оқыў методикалық орайы (Қ.Жубанов) |
| | Улыўма билим бериў мектеплери муғаллимлери арасында жоқары категориялы муғаллимлердиң үлеси | *Пайызда (жәми муғаллимлер санына салыстырғанда)* | 3 | Мониторинг бөлими (Х.Бегдуллаев) |
| | Улыўма билим бериў мектеплери муғаллимлери арасында биринши категориялы муғаллимлердиң үлеси | *Пайызда (жәми муғаллимлер санына салыстырғанда)* | 15 | |
| | Улыўма билим бериў мектеплери муғаллимлери арасында екинши категориялы муғаллимлердиң үлеси | *Пайызда (жәми муғаллимлер санына салыстырғанда)* | 35 | |
| | Улыўма билим бериў мектеплериндеги қәнигелик категориясына ийе болмаған жоқары мағлыўматлы муғаллимлердиң үлеси | *Пайызда (жәми муғаллимлер санына салыстырғанда)* | 43,5 | Кадрлар менен ислесиў бөлими (С.Жуманиязов) |
| | Улыўма билим бериў мектеплериндеги орта арнаўлы мағлыўматлы муғаллимлердиң үлеси | *Пайызда (жәми муғаллимлер санына салыстырғанда)* | 3,5 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **2** | **Сыпатлы билим алыў шәраятларын жақсылаў** | | | |
| | Анық ҳәм тәбийий пәнлерге қәнигелестирилген улыўма билим бериў мектеплериниң үлеси | *Пайызда (жәми мектеплер санына салыстырғанда)* | 2,7 | Улыўма орта билим бериў мектеплери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов) |
| | | *Мектеп саны* | 20 | |
| | *Соның ишинде* | | | |
| | Математика пәнине қәнигелестирилген мектеплер | *дана* | 8 | |
| | Химия ҳәм биология пәнлерине қәнигелестирилген мектеплер | *дана* | 4 | |
| | Хабар коммуникация технологияларына қәнигелестирилген мектеплер | *дана* | 8 | |
| **3** | **Билимлендириўде заманагөй информациялық технологияларды қоллаў** | | | |
| | Улыўма билим бериў мектеплерин кең полосалы интернет тармақларына жалғаў | *саны* | 30 | ИКТ бөлими (Р.Худайбергенов) |
| **4** | **Халық билимлендириў тараўында реформаларға көмеклесиў дәстүри** | | | |
| | Халық билимлендириў тараўында реформаларды әмелге асырыў бойынша проектлер | *саны* | - | - |
| **5** | **Халық билимлендириў мәкемелериниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў бойынша инвестиция дәстүри** | | | |
| | Сабақ процесин шөлкемлестириўдиң нәўбетлилик (смена) коэффиценти | *Бина сыйымлылығына салыстырғанда смена* | 1,1 | Қурылыс бөлими (И.Балтабаев) |
| | Химия, биология ҳәм физика ханаларының лаборатория үскенелери менен тәмийинлениў дәрежеси | *Пайызда (жәми ханалар санына салыстырғанда)* | 20,6 | |
| | Улыўма билим бериў мектеплериниң компьютер ханалары менен тәмийинлениў дәрежеси | *Пайызда (жәми ханалар санына салыстырғанда)* | 55 | |